

Kesyon Moun Poze Souvan (FAQ) sou Fen Estati Pwoteksyon Tanporè (TPS)

Enfòmasyon ki nan dokiman sa a se pou bay enfòmasyon sèlman epi li pa konsèy legal. Pou jwenn konsèy ki espesifik pou sitiyasyon w lan, konsilte yon avoka ki kalifye.

Dènye aktyalizasyon: 26 Jen 2026.

Sitiyasyon aktyèl la

Nan dat 25 Jen 2026, Lakou Siprèm Etazini an te deside ke administrasyon Trump la ka mete fen nan Estati Pwoteksyon Tanporè (TPS) pou Ayiti ak Siri. Sa vle di administrasyon an kapab fikse yon nouvo dat ekspirasyon pou TPS nan de peyi sa yo.

Pou jwenn dènye mizajou ofisyèl yo, vizite sit entènèt USCIS la pou Estati Pwoteksyon Tanporè (TPS) (www.uscis.gov/tps) epi chwazi **Ayiti** oswa **Siri**.

FAQ sa a reponn kèk kesyon moun poze souvan konsènan sa pèdi TPS ka vle di pou estati legal ou, fanmi ou, travay ou, finans ou, ak sèvis legal ak sèvis sipò ki disponib.

Sitiyasyon chak moun diferan. Imigran Nouyòkè yo ta dwe chèche èd legal nan men yon avoka imigrasyon yo fè konfyans oswa yon reprezantan ki akredite pa Depatman Jistis (DOJ) konsènan opsyon yo genyen.

Rele Liy Asistans Legal pou Imigrasyon Vil Nouyòk la nan 1-800-354-0365 si ou gen kesyon oswa si ou bezwen jwenn referans pou sèvis legal. Rele nimewo sa a gratis, li konfidansyèl, epi sèvis yo disponib nan lang ou.

Estati Legal

1. Kisa egzakteman k ap pase si mwen pèdi TPS?

Si ou pa gen pwoteksyon TPS ankò, sa ka vle di:

- Ou ka pa gen pwoteksyon kont depòtasyon ankò
- Ou ka pèdi pèmi travay ou

- Yo ka mete ou nan pwosedi ekspilsyon devan tribinal imigrasyon pou detèmine si ou kalifye pou rete Ozetazini.

2. Pou ki lòt estati imigrasyon mwen ka aplike?

Aprè ou pèdi TPS, sitiyasyon ou pral depann de istwa imigrasyon pa w. Ou ka kalifye pou yon lòt benefis imigrasyon selon sitiyasyon fanmi ou, travay ou, oswa lòt sikonstans pèsonel ou. Ou ta dwe pale ak yon avoka imigrasyon oswa yon reprezantan ki akredite pa Depatman Jistis (DOJ) pou konnen ki opsyon ki ka aplikab pou ou.

Pale ak yon founisè sèvis legal ou fè konfyans konsènan sitiyasyon ou.

- [Sant Sipò Legal Biwo Majistra pou Afè Imigran yo](#) ofri èd legal imigrasyon gratis e konfidansyèl. Sant sa yo sitiye nan sit kominotè, etablisman sante piblik, lekòl piblik ak bibliyotèk. Yo bay sèvis yo nan lang ou, epi sitiyasyon imigrasyon ou pa enpòtan pou resevwa sèvis yo.
- [May Liy Dirèk Sipò Legal Imigrasyon Biwo Majistra pou Afè Imigran yo](#) konekte rezidan Vil Nouyòk ki kalifye yo ak èd legal imigrasyon ou fè konfyans nan senk minisipalite yo.

Selon istwa w ak sitiyasyon fanmalyal ou, opsyon ou yo ka gen ladan yo:

- **Rezidans pèmanan (kat vèt)** atravè yon manm fanmi ou oswa yon anplwayè ki kalifye (si w kalifye)
- **Azil** oswa lòt pwoteksyon imanitè (si w pè retounen nan peyi w akòz risk pou w sibi domaj)
- **Viza U** (pou sèten viktim krim ki kolabore ak lapolis)
- **Viza T** (sivivan trafik moun)
- Soulajman **VAWA** (pou sèten sivivan vyolans/abi domestik pa yon sitwayen ameriken oswa yon rezidan pèmanan, mari ouwa madanm/paran/pitit)
- **Estati Espesyal pou Jèn Imigran (SIJS)** (pou jèn ki poko gen 21 an ki gen youn ouwa okenn paran Ozetazini.)
- **Lòt defans legal ki disponib** si ou nan tribinal imigrasyon (sa depann de sitiyasyon chak moun)

Yon founisè sèvis legal ka evalye opsyon ou yo epi fè ou konnen dat limit ki aplikab yo.

Fè atansyon ak fwod sèvis imigrasyon. Gen moun k ap fè fwod ki pwofite sou imigran ki nan sitiyasyon vilnerab. Toujou sèvi ak yon resous ou fè konfyans, epi si yon bagay sanble twò bon pou l ta vre, li ka yon fwod.

Fanmi

1. Kisa k ap rive pitit mwen yo ki fèt Ozetazini si mwen pèdi TPS?

Timoun ki fèt Ozetazini se sitwayen ameriken. Yo pa pèdi sitwayènte yo si youn nan paran yo pèdi TPS, epi yo ka rete Ozetazini.

2. Kijan pou mwen prepare pitit mwen yo ki fèt Ozetazini si yo depòte mwen?

Anpil fanmi fè yon [plan preparasyon pou fanmi yo](#) ki ka gen ladan l:

- Chwazi yon moun ou fè konfyans pou pran swen pitit ou epi ekri enfòmasyon pou kontakte moun nan ak lòt kontak ijans.
- Kenbe kopi dokiman enpòtan yo nan yon kote ki an sekirite
- Pale ak pitit ou (yon fason ki apwopriye pou laj li) sou kiyès pou li rele si ou pa lakay
- [Gid Resous pou Paran ak Moun k ap Pran Swen Imigran yo](#)
- Chèche konnen opsyon finansye tankou yon *fon fidisyè (trust)* oswa yon *pwokirasyon (power of attorney)*
- Chèche konnen lòt plan altènatif pou pran swen pitit ou.

**There are several ways to appoint someone to take care of your child.
Scan the QR code to learn more.**



- 1** The first way is to designate a person in parental relationship by filling out a form with the NYS Office of Children and Family Services called the OCFS-4940. This can be done immediately and does not require you to go to court.
- 2** The second way to do this is through a process called Standby Guardianship. This process requires filing with a court.

Sèvi ak yon [gid preparasyon](#) ou fè konfyans ansanm ak fòm preparasyon pou fanmi, epi chèche èd legal lè sa posib.

3. Kisa k ap rive pitit mwen ki se sitwayen ameriken epi ki nan kolèj?

Anjeneral, pitit ou a ka kontinye ale nan kolèj. Pou [èd finansye](#) (FAFSA), [elèv ki se sitwayen ameriken yo](#) ka aplike menm si youn nan paran yo pa gen papye oswa pa gen yon Nimewo Sekirite Sosyal (SSN). Paran yo ka kreye yon kont sou StudentAid.gov menm si yo pa gen yon SSN.

Travay ak Finans

1. Kilè Otorizasyon Travay mwen (EAD) ap ekspire?

Si ou pa gen okenn lòt otorizasyon pou travay atravè yon lòt estati imigrasyon, Dokiman Otorizasyon Travay ou (Employment Authorization Document, EAD) ap ekspire lè Estati Pwoteksyon Tanporè (TPS) ou a fini.

2. Konbyen tan mwen ka kontinye travay?

Si ou pa gen okenn lòt otorizasyon pou travay, patwon ou ka sispann ba ou travay lè otorizasyon travay TPS ou a ekspire. Ou ka travay sèlman pandan ou gen yon [otorizasyon travay ki valab](#).

Sepandan, menm si ou travay san yon otorizasyon travay ki valab, ou gen dwa resevwa tout salè yo dwe ou.

Pou moun ki soti nan lòt peyi ki gen TPS kounye a, pwoteksyon yo ak otorizasyon travay yo rete an vigè pou kounye a.

3. Èske mwen oblije enfòmè patwon mwen an?

An jeneral, ou pa oblije fè patwon ou konnen chanjman ki fèt nan estati imigrasyon ou. Men, patwon yo dwe [verifye otorizasyon travay pou rezon Fòm I-9](#), epi yo ka mande w dokiman ki ajou lè youn nan yo ekspire. Si ou pa sèten ki enfòmasyon pou pataje, ou ta dwe chèche konsèy legal. (Si sa nesesè, ou ka montre òdonans tribinal la ak lyen pou avi ofisyèl yo.)

4. Èske mwen ka toujou renouvle lisans chofè mwen an?

Si ou pèdi TPS epi ou gen yon lòt estati imigrasyon ki valab, ou ka itilize dokiman sa yo pou renouvle lisans ou nan yon biwo DMV.

Menm si ou pa gen okenn lòt estati imigrasyon, [Lwa Green Light Eta Nouyòk la](#) ka pèmèt ou aplike pou yon lisans chofè estanda. Pou fè sa, ou dwe bay prèv idantite ou ansanm ak prèv ki montre ou abite nan Eta Nouyòk.

5. Kisa k ap rive kont labank mwen oswa kont retrèt mwen?

Kont labank ou, ekonomi ou, ak kont retrèt ou [pa fèmen otomatikman](#) si estati imigrasyon ou chanje oswa si ou kite Etazini. Men, règ ki gen rapò ak taks, retrèt lajan, ak aksè ak kont sa yo pandan ou aletranje ka chanje. Li enpòtan pou kontakte bank ou oswa administratè plan retrèt ou pou mete enfòmasyon kontak ou ajou epi pou asire ou konprann nenpòt règ sou taks oswa aksè ki ka aplikab.

Imigran Vil Nouyòk yo ka resevwa konsèy finansye gratis, konfidansyèl, youn-a-youn atravè [Sant Otonomi Finansye Vil Nouyòk yo \(NYC Financial Empowerment Centers\)](#) kèlkeswa revni oswa estati imigrasyon yo.

Kite Etazini

1. Si mwen vle retounen an Ayiti oswa an Siri, èske mwen ka retounen?

Si ou kite Etazini pou ale nan youn nan de peyi sa yo, kapasite w pou retounen pral depann de istwa imigrasyon ou ak si ou gen pèmasyon pou antre Ozetazini ankò. Nan kèk sitiyasyon, [kite Etazini ka lakòz penalite imigrasyon](#) ki ka anpeche ou retounen pandan plizyè ane oswa menm pou pi lontan. Ou ta dwe pale ak yon [founisè sèvis legal](#) ou fè konfyans anvan ou vwayaje oswa deplase al viv yon lòt kote.

2. Ki kote mwen ka jwenn enfòmasyon sou lòt peyi kote mwen ta ka deplase ak fanmi mwen?

Si w ap panse deplase ak fanmi w, kòmanse avèk:

- Enfòmasyon ofisyèl sou imigrasyon oswa konsila peyi kote ou vle ale a
- Ajans imanite ki gen bon repitasyon (pou konsèy sou relokizasyon oswa reyenstalasyon)

Yon founisè sèvis legal kapab eksplike tou kijan relokizasyon ka afekte nenpòt opsyon imigrasyon ou ka genyen Ozetazini. Ou ka jwenn yon lis founisè sèvis ou fè konfyans tou lè w vizite sit entènèt MOIA a nan nyc.gov/immigrants

3. Èske mwen kalifye pou kite peyi a volontèman avèk aplikasyon CBP Home la?

Depatman Sekirite Enteryè (DHS) fè konnen [CBP Home](#) se yon aplikasyon ki disponib sou telefòn selilè, kote kèk moun ka itilize pou fè aranjman pou kite Etazini volontèman. Se pa tout moun ki kalifye pou itilize pwogram sa a.

Sa ki pi enpòtan an, se ke sa a se yon gwo desizyon ki ka [afekte kapasite w pou retounen](#) Ozetazini alavni. Anvan ou pran nenpòt demach, ou ta dwe pale ak yon avoka imigrasyon oswa yon reprezantan ki akredite pou konprann kijan sa ka afekte sitiyasyon pa w.

Sante

1. Ki kote mwen ka jwenn sèvis sipò pou sante mantal?

Ou ka kontakte [NYC 988](#) (ansyen NYC Well) pou resevwa sipò gratis ak konfidansyèl, 24 sou 24, 7 jou sou 7:

- Rele 1-888-NYC-WELL (1-888-692-9355)
- Voye tèks WELL to 65173
- Chat sou entènèt (sit entènèt NYC 988)
- Gen sèvis entèprèt ki disponib nan plis pase 200 lang pou apèl nan telefòn.

Tanpri gade lòt resous pou sante mantal ki anba yo:

1. [Zouti pou Sante Mantal pou Imigran San Papyè](#)
2. [Resous sou Sante Mantal - Immigrants Rising](#)
3. [Fason pou Fè Fas ak Estrès ki Gen Rapò ak Imigrasyon](#)
4. [Resous sou Sante Mantal pou Imigran - Informed Immigrants](#)
5. [Gid enfòmasyon ARCCA sou krim rayisman](#)
6. [Kat jeyografik resous sou entènèt pou sivivan tòti](#)

Sèvis Sosyal:

1. Èske asirans sante mwen an ap toujou aktif?

Si asirans sante ou soti nan travay ou, kouvèti asirans ou a ap kontinye anjeneral toutotan ou kontinye travay epi patwon ou kontinye ofri ou asirans sante.

Sepandan, si ou pèdi otorizasyon pou travay epi travay ou fini, asirans sante patwon ou te bay la ap gen anpil chans fini tou.

Kalifikasyon pou Medicaid ak lòt pwogram asirans sante piblik ki sanble depann de revni ou, konpozisyon fanmi ou, ak estati imigrasyon ou. Si TPS ou fini, ou gendwa pa kalifye ankò pou kèk nan pwogram sa yo. Men, kèk moun ka toujou kalifye pou:

- Medicaid pou Ijans
- Pwogram eta oswa lokal ki bay aksè ak swen sante
- Kouvèti asirans sante pou manm fanmi ki kalifye yo (ki gen ladan timoun ki se sitwayen ameriken).

Anplis de sa, Vil Nouyòk ofri pwogram ki bay aksè ak swen sante kèlkeswa estati imigrasyon yon moun, tankou:

- [NYC Care](#) (aksè a swen sante a pri ki ba oswa gratis pou rezidan Vil Nouyòk ki kalifye)
- Medicaid pou ijans pou sèvis medikal ijan

[Lè ou pale ak yon konseye sou benefis](#) oswa yon founisè sèvis legal, sa ka ede ou konprann ki pwogram ou menm oswa fanmi ou ka kalifye pou yo si TPS ou fini.

2. Èske fanmi mwen ka toujou resevwa SNAP ak lòt benefis?

Moun ki gen TPS ki soti Ayiti oswa Siri [pa kalifye pou Pwogram Asistans Nitrisyon Sipleman \(SNAP\) ni pou pifò lòt benefis piblik federal](#)

Sepandan, desizyon sa a pa afekte [benefis lòt moun ki kalifye nan fanmi ou](#):

- Yo pa ta dwe sispann benefis pou manm ki kalifye nan yon fanmi ki gen moun ki gen diferan estati imigrasyon, sèlman paske yon paran pèdi TPS oswa vin pa gen papyè.
 - Fanmi ki gen moun ki gen diferan estati imigrasyon ka kontinye resevwa SNAP ak lòt benefis si chak moun ki aplike kalifye.
- Ou ka toujou oblije fè konnen nenpòt chanjman nan revni oswa enfòmasyon sou fanmi ou, men pèdi TPS sèlman pa ta dwe lakòz benefis timoun oswa lòt manm fanmi ki kalifye yo sispann.

3. Èske mwen toujou gen dwa ak pwoteksyon anrapò ak lojman si mwen pèdi estati mwen?

Nan Vil Nouyòk, [yo pa gen dwa fè diskriminasyon kont ou nan domèn lojman poutèt estati imigrasyon ou, kit estati sa a reyèl oswa yo sèlman panse se sa li ye.](#)

- Li ilegal pou pwopriyetè oswa lòt founisè lojman refize vann, lwe, oswa bay yon lojman an lokasyon—oswa pou yo ofri kondisyon, règ, oswa avantaj ki diferan—akòz estati imigrasyon oswa orijin nasyonal yon moun. Si ou kwè yo fè diskriminasyon kont ou poutèt estati imigrasyon ou, [kontakte Komisyon Vil Nouyòk pou Dwa Moun \(NYC Commission on Human Rights\)](#)
- [Dapre pwogram Dwa pou Gen Avoka \(Right-to-Counsel\)](#), Vil Nouyòk la, tout lokatè, kèlkeswa estati imigrasyon yo, gen dwa pou yo jwenn yon avoka lè yo fè fas ak yon ekspilsyon nan Tribinal Lojman oswa nan pwosedi administratif NYCHA.

4. Èske yo pral sispann bon lojman mwen an?

Pèdi TPS pa mete fen otomatikman nan asistans lojman ou, men sa ka afekte kalifikasyon ou pou resevwa bon lojman, selon sitiyasyon fanmi ou ak règ pwogram nan. Si pa gen okenn manm nan fanmi an ki gen yon estati imigrasyon ki kalifye, asistans lojman an ka sispann.

[Fanmi ki gen manm ki toujou gen yon estati imigrasyon ki kalifye](#) ka kontinye resevwa asistans lojman, men kantite benefis yo ka diminye. Otorite lojman yo oblije voye yon avi davans epi yo ka ba ou posibilite pou fè yon apèl oswa mande yon revizyon anvan yo mete fen nan asistans lan.

Kontakte responsab dosye lojman ou pou mande kijan benefis ou yo pral afekte. Pale ak yon avoka oswa yon defansè dwa lojman ou fè konfyans anvan ou pran nenpòt desizyon oswa siyen nenpòt dokiman.

5. Èske mwen ka aplike pou lojman piblik si mwen pèdi estati mwen?

Vil Nouyòk ofri kèk pwogram ki gen rapò ak lojman moun ka aplike pou yo kèlkeswa estati imigrasyon yo, tankou lotri lojman abòdab atravè [NYC Housing Connect](#) (yo ka mande prèv revni legal ki verifye), abri ijans, ak [sèvis pou anpeche degèpisman](#).

Sepandan, pifò pwogram lojman ki finanse pa gouvènman federal, tankou lojman piblik NYCHA ak bon Seksyon 8, mande pou omwen yon manm nan fanmi an gen yon estati imigrasyon ki kalifye.

Règ kalifikasyon yo varye selon pwogram nan, kidonk li enpòtan pou pale ak yon founisè sèvis lojman oswa sèvis legal sou opsyon ki disponib pou ou. Ou ka vizite access.nyc.gov pou plis enfòmasyon sou lòt benefis.

- [CityFHEPS \(the City Fighting Homelessness and Eviction Prevention Supplement\)](#) se yon pwogram asistans pou lwaye ki ede moun ak fanmi jwenn epi kenbe lojman.
 - Si ou pèdi TPS epi ou pa gen okenn lòt estati ki kalifye, ou ka pa kalifye ankò pou pwogram nan.
 - Si ou bezwen plis asistans, rele Sant Apèl Asistans pou Lwaye a atravè DSS OneNumber nan 718-557-1399.
- Sepandan, fanmi ki gen moun ki gen diferan estati imigrasyon ka kontinye resevwa epi aplike pou benefis yo. Pou fanmi sa yo, asistans pou lwaye a kalkile baze sou moun ki gen estati imigrasyon ki kalifye pou asistans finansye pou lwaye.
- **Si kèk manm nan fanmi an kalifye men lòt yo pa kalifye**, ou ap resevwa asistans pasyèl (yo rele sa “prorated” - asistans ki kalkile pwopòsyonèlman).

Rapèl

Sitiyasyon chak moun diferan. Imigran Nouyòkè yo ta dwe chèche èd legal nan men yon avoka imigrasyon yo fè konfyans oswa yon reprezantan ki akredite pa Depatman Lajistis (DOJ) konsènan opsyon yo. Rele Liy Dirèk Sipò Legal pou Imigrasyon Vil Nouyòk la nan 1-800-354-0365 pou kesyon ak referans pou sèvis legal. Nimewo telefòn sa a gratis, konfidansyèl, epi li disponib nan lang ou.